ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№91 (20.999) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 11, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсенрэ Бечелов Ильясрэ удз гъэгъахэр МафІэ Мыужьхыхьм деж щагъэтІылъ.

МафІэ Мыужьхыхьм деж

ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр ди къэралым и мызакъуэу, иэгъуэшІ щыІэ, ауэдми Іэтауэ щагъэлъэпІащ. Абы теухуа гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр щекІуэкІащ ди республикэм и къалэхэмрэ жылагъуэхэмри. Налшык махуэшхуэм щыщІдзащ паркым иТ МафІэ Мыужьхыхьм деж.

ХАБЗЭ Къуэрыбый гуфІэгъуэ пэкІуэ мыбдежым щекІуэкІыу щытащ. Ауэ идкырей зэхуэсыр щхьэусыгъуэ гуапэкІэ, ТекІуэныгъэм и фэеплъыр къыщыІэуахыну щІыпІэм ягъэІэпхъуат. КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу республикэм и унафэщІхэм МафІэ Мыужьхыхьм дежщыт фэеплъым удз гъэгъахэр трагъэхьащ.

АдэкІэ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІым и кІуэдэд **Портэ Галинэ** зэхуэсым кІэрихьэлІа ветеранхэмрэ къалэдэсхэмрэ махуэшхуэм ІкІэ ехьуэхъури, пэкІуэ иригъэбгъащ.

Къызэхуэса псори фэеплъыр къыщызэІуахыну щІыпІэм кІуэфакъым. Абдежым къыщынаХэм я нэгу зрагъэжьащ Налшык дэт курыт школ №4-м щеджэ щыкІухэм, сэлэт пщэфІапІэм къыгъэува Іэнэм иригъэблэгъащ.

ТекІуэныгъэм и фэеплъ

Владикавказ льэныкъуэмкІэ укъыщикІкІэ Налшык къыдыхьэщІэм деж зышъыхьубгъуэ ут дахэм щІыхьшхуэ щыІэхуэсат. Зи бгъэгъуэм орденхэмрэ медалхэмрэ къыкъэлыдыкІ ветеранхэм я нэгу зэІуахат.

НАЛШЫКкъалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Хьэмгъуокъу Леонид** Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ди щыхуэхэм я нэгу щІэкІа гутаусхьэм, ди нобэрей мамыр псэукІэм кІэщІу къетуевыІэри гуфІэгъуэ пэкІуэ кІыхьэІуихащ.

ТуфІэгъуэ зэхуэсым крихьэлІа ветеранхэм, къалэдэсхэмрэ хьэщІхэмрэ хьуэхьу гуапэкІэ захуигъэзащ Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен.**

КъБР-м и Президентым къыбгъэдэсщ Сталинград деж щыІуэуа Щомахуэ Льостэн.

Гуфіэгъуэ зэхьыхьэхэр

- Хэку зауэшхуэм хэта ди ветеран льэпІэхэу пщІэ зыхуэтщІхэ! Нобэ ди къэралым щагъэлъапІэ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 62-рэ зэрыриКъуэ. Урысейм щыпсэу дэтхэнэ зым и дежкІи мы махуэшхуэр псом ихьэрэ ихъ льапІэщ. Си фэщ мэхъу а зауэ гущІэгъуэшхэм ди щыхуэхэм щызэрахьа лЫыгъэ зэи зэрымыкІуэдыкьнур. Зэманыр макІуэ, а лъэхъэнэм нэхьри пЭзщІэ дыхьуху мамырыгъэмрэ гъащІэмрэ щыльэм щыІэн папщІэ зэрахьа лЫыгъэмрэ хахуагъэмрэ я пщІэм кІэрыхуркъым, атІэ нэхьри зеІэт. Ильэсхэр кІуэщ, щІэблэщІэ къхъуащ, абыхэм я дежкІэ а зауэр тхыдэ жыжьащ, ауэ дэ тщыщ дэтхэнэми нобэрей махуэшхуэм ди гум къыщегъэуи гуфІэгъуи гуаун. Дротуншхуэ ікІи ди щхьэр яхуэдэгъэщхь ТекІуэныгъэм хуэкІуэ гъуэгуанэм лЫхьужыгъэ къагъэльагъуэу иригКуаХэм, я псэ, я къару емыбдлэжу мамырыгъэр къыгъэзыхьахэм, зауэ ЕнатІэм Іугъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи тылым щыдэзыІыгъахэм кьалъхьэкІа лЫыгъэмрэ хахуагъэмрэ.

ФЫщІэ фхудощІ, ди ветеран льапІэхэ, догъэльапІэ уасэ зимыІэ фи ТекІуэныгъэ Иибыр. Нэмсыр къафекІуэу щыхубэм ягъэльапІэ махуэшхуэм дигу къыдогъэкІыж ТекІуэныгъэм зи гъащІэр щхьэзыхь хуэзыщІахэр. Абыхэм я щІэр дыщэпскІэ хатхащ Хэкум и лЫхъужьыгъэ тхыдэм. Хэку зауэшхуэм хэтащ ди льахэгъуэ мин 60-м щІигъу, абыхэм ящыщу мин 40-м я гъащІэр щатащ Кавказрэ Индылрэ щыщІэдзауэ Берлин нэсыху якІуа зауэ гъуэгуанэм.

Кавказыр хуиГ къэщІыжьным теухуауэ щыта бэнэныгъэм мыхьэнэшхуэ щиІащ Къэбардей-Балъкъэрым папщІэ екІуэкІа зэпэщІэтныгъэхэмри. Зауэ гуащІэхэр щекІуэкІащ Куба, Зенкъуэ, Къызбрун Езанэ къуажэхэм. Сыт хуэдэу щымытами, 1942 гъэм дыгъэгъаэм и кІэм бийр иригъэкІуэтащ. 1943 гъэм щІыщІэм и 3-м Налшык къыдыхьащ 37-нэ армэм и 2-нэ гвардие фочауэ дивизэмрэ КъБР-м и Правительствэм 5 гъэм щыщхьІым и 26-м къащта Унафэм къаруимыІэжу къэлытэнымк ехьэлІахэр.

Тепсэлъыхьа нэужь, проектхэм арэзы техьащ.

АдэкІэ зэхуэсахэр хэплащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм ягъэхьэзыра Іуэхугъуэхэм икІи ахэр Іэ ІэткІэ щІагъэбыдащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** иригъэкІуэкІа зэІуэщІэм хэтащ абы и къуэдзэхэр, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, иратъэблэгъа къулыкъущІэхэр.

АРУАН Алий.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Яубзыхуахэр зэрагъэзащІэр къалщытэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и УлэМ дыгъуасэ щриГъэкІуэкІащ мэ щиципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэм я зэІуэщІэ.

АБЫ ІУЭХУГЪУИТЫМ щыхэпІащ.

Ягъэ - муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я финансхозяйствэ щытыкІэр зыхуэдэм зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм. Ахэр кІэщІу иригъэжащ ильэсым щыщу блэкІа зэманым зэфІагъэкІын хуейуэ кьапэщытахэм зэрехьэІам.

Президентыр зыщІэупщІахэм жуэпа ягъуэта нэужь, зэІущІэм щызэпкърахащ Къанокъуэ Арсен Шэрдж, Май, Лэсхэм куейхэм зэрыщыІам кърикІуахэм япкъ иткІэ ягъэхьэзыра унафэхэр гъэзэщІа зэрыхьэр.

Зэхьхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей,** абы и къуэдзэхэр **ТхьэлэпыкъМурат, Чеченов Ануар,** Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэзэр Альберт,** министрхэр, нэгъуэщІ къулыкъущІэхэр.

Унафэхэм я проектхэм хэплъэ

КъБР-м и Правительствэм и дыгъуасэрей зэІуэщІэм Іуэхугъуэ 14 щыщІэкІрахащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Президентым и Администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, Правительствэм и Аппаратым и унафэщІ **Къанокъуэ СультІан** къыхиІухьэри, яп щІыкІэ ІуэхугъуэтІым хэпІащ. Апхуэдизкі «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Регламентым и ІуэхуКІ» КъБР-м и Правительствэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыдигъэкІа №193-ПП Унафэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр, «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щыІналъэхэм щыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм я нормативправовой актхэм я республикэ регистрым и Іуэхугъэ» КъБР-м и Правительствэм 2005 гъэм щыщхьІым и 26-м къащта Унафэм къару имыІэжу къэлытэнымк ехьэлІахэр.

Тепсэлъыхьа нэужь, проектхэм арэзы техьащ.

АдэкІэ зэхуэсахэр хэплащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм ягъэхьэзыра Іуэхугъуэхэм икІи ахэр Іэ ІэткІэ щІагъэбыдащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** иригъэкІуэкІа зэІуэщІэм хэтащ абы и къуэдзэхэр, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, иратъэблэгъа къулыкъущІэхэр.

АРУАН Алий.

●Дерсхэр

ЩІэныгъэм щэнэ и лЫІэкъуэ щытыщІэщ

«Укъыщыхэкіа лъэпкъым и щэнхабзэр, тхыдэр, бэм хэт щІыхуэм хуэлъэн хуей щхьэрэ, фІэщыгъэм щІэт зэІущІэ щызэхэтащ щІыхь миным нэс зыщІэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бизнесымкІэ и институтым и конференц-залым.

ЛЪЭПКЪЫМ дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ мы лэжьыгъэр илъэс и пэкІэ къэрихьэжьауэ щытащ еджапІэм и унафэщІ Хъурей Феликс. "Граждан жылагъуэ зэпІэзэрытым дыхуэкІуэн папщІэ щІыхуэм я къэухым зегъэужьыпхъащ. Ди блэкІар и лъабжьэу ноБэрей зэманым зыхэдгъэзэгъэфын хуейщ. Еджапім нахъыщхьэхэм студентым иратъэдж дерсхэм дэщІыгъун хуейщ щІыхум хэлъыпхъэ щэныр", - жеІэ Феликс.

ЦІыхубэ едджэныгъэхэр лекцэ, джэгукІэ, зэдаудэ щыкІэу щІалэгъуэлъэм бгъэдалъхьэ. Дерс къэс дыщІагъу уСэхэр, макъамэхэр, уэзщІакІуэхэм къабфэдэкІа псалъэ щыта Іуцхэр. ПщІэнтщу ягъ дерсхэм къокІуаІэ щІалэгъуаІэм и мызакъуэу, ныбжь зиІэхэри. Мыбыхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхубэ едджэныгъэхэм мыхьэнэ ин яІэнущ щІалэгъуаІэр акъыпфІэу, я щхьэ згъыпсэужьыфу къэхъунымкІэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ТекІуэныгъэм и фэеплъыщІэ Налшык къыщызІуахащ. *Сурэтыр* **МАРИЙ Русланрэ КЪАРЕЙ Элинэрэ** *трахащ.*

Гъэ лэжьэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м Курортхэмра туризмэмкІэ и министерствэм зи чэзу семинар-зэІущІэ щекІуэкІащ сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ зыгъэпсэхупІэ Іуэхущ-пІэкр 2007 гъэ лэжьэгъуэм зэрыхуагъэхьэзырым теухуауэ.

ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ ди республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и КІуэдзэ Романовэ Еленэ. Лэжьыгъэм жьыдэжру щрагъэфІакІуэ и хуитыныгъэхэмрэ щыхум и зэІуэпщыкІэ къыдэгъэпэща зэрыхьэр зи нэІэ щІэт Федеральнэ Іуэхущ-іапІэм и щыналъэ управленэм, КъБР-м Узынщагъэр хуэмэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, нэгъуэщІ къулыкъущІапІэхэмри я лЫкІуэхэр. Апхуэдэуи зэІущІэм кьрихьэлІащ сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ, абыхэм щхьнщ щыхуагъэкъэзыр Іуэхущ-іапІэм я унафэщІхэмрэ абыхэм я кІуэдзэхэмрэ, Налшык и зыгъэпсэхупІэхэм, «Къэббалъкъэтэрыстан», «Эльбрусэтурист» ОАО-хэм я пщафІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Семинарым и гугъу щащІащ гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэр гъэ лэжьэгъуэм зэрыхуагъэхьэзырым, къабзэтабзагъэм кІэльыпІэным зэрыхуеІам, псори хабзэм кьеозгъэкІуэ къыздэгъэпэща хьун папщІэ зэфІэхьыпхъэ Іуэхугъуэхэм. Бульатэ лей хуащІащ гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэм къекІуэлІэну сабийхэм я узынщагъэр зыхуэдэр кьапщытауэ щытын зэрыхуеІам.

ИСТЕПАН Залинэ.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Аргуэру ахъшэджэгу бизнесымрэ зыуэ щыт къэрал экзаменымрэ я Іуэхукіэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм щыщІдзэм спикер Бечелов Ильяс и лэжьэгъуэхэм яхуиІуэтэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэхэм хэту Къэрэшей-Шэрджэсым зэрыщыІар, къэрэшейхэм я адажь хэкум къыщІэрагъэзэжрэ илъэс 50 зэрикъур гъэпльэпІэным хэтым щхьэжьІэ кІуэу. А гуфІэгъуэм кьрихьэлІат, къанэ щІагъуэ щымыІэу, Ипщ федеральнэ округым и субъект псоми я лЫкІуэхэр.

ПАРЛАМЕНТАРХЭР адэкІэ хэпльащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъектхэм я депутатхэм законхэр къыдэгъэкІын и лъэныкъуэкІэ къаІэта эхрдэм зыбжанэм. Президиумым и пащхьэ ахэр къраль хьащ Законодательствэмкіэ комиссэм и унафэщІ **Абазэ Руслан,** Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Къанщобий,** ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ**Дадэ Суфэдин** сымэ.

Зэдауэ кьишащ «ЦІыхуэхэр зытхьэжьу джэгукІэхэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыгъэр къэралым и уиунэтІу щытынымкІи Урысей Федерацэм и зэныныкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым теухуауэ Вологодскэ областым и Законодательнэ Зэхуэсым законхэр къэщтэн и лъэныкъуэкІэ къыхилъхьа жэрдэмым хэплъэным, А жэрдэмым зи гугъу ищІыр ахъшэхьэху джэгуІэхэр щІыпІэ хэхахэм фІэкІа къыщыхэІуахыну икІи щагъэлэжьэну дяпэкІэ хуит зэрамыщІыжьым къыхэкІыу Урысей Федерацэм и субъектхэу апхуэдэ щІыпІэхэр зыдэщымыІэнухэм я бюджетхэм ахъшэджэгу бизнесым техьэ налогыр зэрафІэкІуэдырщ. Апхуэдэ щытыкІэм кьишэнуращи, абыхэм кьалъыхъуэн хуей хъунущ къаІэрымыкъэжьыну хэхъуэхэм я нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр.

Язныныкъуэ депутатхэр тегузэвыьащ хэхъуэщІэхэр кьыщагъуэтынум. Ауэ**Атэлыкъ Анатолий** абыхэм яГу кьигъэкІыжащ ахъшэджэгу бизнесыр хуит мыщІын республикэ законым къриКІуэнкІэ хъунур къагурыІуэу икІи а бизнесым зэранытэр кьишэнур хэхъуэу кьитынум нэхърэ куэдкІэ зэрынэхъыбэр къэлыТатауэ кьызэращтар. **Сэхъу Владимир** жиІащ хэхъуэ гуэрхэр бюджетым зэрыІэрымыхьэжьнум егупсысауэ зыхуэфащэ законопроект гъэхьэзырын зэрыхуейр.

РегламентымкІэ комитетым и унафэщІ**Махуэ Владимир** жиІахэм едаІуэщ икІи къыхалъхьа тхыгъэхэм щыгъуазэ защІри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр мы къэкІуэнуэм иратыну: 1905 гъэм щІыа революцэм и цІэр зезыхьэ республикэ поligрафкомбинатым и сурэтыщІ нэхъыщхьэ, Урысейм и СурэтыщІхэм я союзым хэт **Гловин Михаил,** Налшык къалэм дэт сабийхэм щколым и директор, Урысейм и СурэтыщІхэм я союзым хэт **Зэхуэхъу Валерий** сымэ.

Парламентым и спикер **Бечелов Ильяс** къэпсэльащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр щрагъэкІуэкІынум, ар зыхэплъэну Іуэхугъуэхэм теухуауэ. Зэкіэ зэрызэгурыІуамкІэ, а зэІущІэр ирагъэкІуэкІынущ накьыГъэм и 31-м. Абы щыхэплъэну я мурадщ Іуэхугъуэ 20-м щІигъум. Парламентым и УнафэщІым къыхуриджащ а зэІущІэм къыщІэтыну Іуэхугъуэхэр кІыхьІыхь ямыщІу яГэхьэзырыну.

«Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр» Іыхьэм хьэкъу Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, узынщагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь** депутатхэр кьыхуриджащ зыуэ щыт къэрал экзаменым егъэкІуэкІыным хэтынхэу. Абы псалъэмакъ кьишащ. Къапщтэмэ, яныныкъуэ депутатхэм къальытащ парламентархэр а Іуэхум хэтынымр Іэмальнышэу щымыту.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ-іапІэ.

●Дерсхэр

ЩІэныгъэм щэнэ и лЫІэкъуэ щытыщІэщ

«Укъыщыхэкіа лъэпкъым и щэнхабзэр, тхыдэр, бэм хэт щІыхуэм хуэлъэн хуей щхьэрэ, фІэщыгъэм щІэт зэІущІэ щызэхэтащ щІыхь миным нэс зыщІэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бизнесымкІэ и институтым и конференц-залым.

ЛЪЭПКЪЫМ дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ мы лэжьыгъэр илъэс и пэкІэ къэрихьэжьауэ щытащ еджапІэм и унафэщІ Хъурей Феликс. "Граждан жылагъуэ зэпІэзэрытым дыхуэкІуэн папщІэ щІыхуэм я къэухым зегъэужьыпхъащ. Ди блэкІар и лъабжьэу ноБэрей зэманым зыхэдгъэзэгъэфын хуейщ. Еджапім нахъыщхьэхэм студентым иратъэдж дерсхэм дэщІыгъун хуейщ щІыхум хэлъыпхъэ щэныр", - жеІэ Феликс.

ЦІыхубэ едджэныгъэхэр лекцэ, джэгукІэ, зэдаудэ щыкІэу щІалэгъуэлъэм бгъэдалъхьэ. Дерс къэс дыщІагъу уСэхэр, макъамэхэр, уэзщІакІуэхэм кьабфэдэкІа псалъэ щыта Іуцхэр. ПщІэнтщу ягъ дерсхэм къокІуаІэ щІалэгъуаІэм и мызакъуэу, ныбжь зиІэхэри. Мыбыхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхубэ едджэныгъэхэм мыхьэнэ ин яІэнущ щІалэгъуаІэр акъыпфІэу, я щхьэ згъыпсэужьыфу кьэхъунымкІэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Шыгъу пшхэмэ...

...цы уефэжьыщу. А пкальжьыр зэрыпэжьр беЛджьлы аргуэру хуэхъуэ, ди ныбжьыкІэ, УФ-м и Президент Путин Владимир Амур областым и губернатор къулыкъым Коротков Леонид тригъэжІащ дзыхь зэрыхуимыщІыжьым къыхэкІыу.

Прокуратурэм зэрыжиІэмкІэ, щІыналъэ унафэщІу щытам псори зэхэтУ мелуани 123-рэ Іисраф ищІащ. Мы зэманым областым и губернаторым и кьалэнхэр егъэзащІэ Коротков и къуэдзэу щІыналъэм финанс рынокымкІэ и департаментым и унафэщІу щыта Нестеренкэ Александр.

Зыри къащыщІакъым

Коряк автоном округым щыкІуэдауэ щыта Ми-8 вертолетыр къагъэтыжащ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ар щІыпІэ гугъусыгъэм и дежи щытІысын хуей хъуащ. Машинэм дергъэхэр игъэтауэ къыщІэкІынщ, арщхьэкІэ абы исаэм зыри къащыщІакъым.

Сыт псынщІэу зыщІимыужьыр?

УФ-м и Правительствэм дыгъуасэ ириГъэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Іуэху куэдым. Абыхэм ящыщ Урысеймрэ Болгариемрэ зэрыгъэлэжьэну лъэныкъуэкІэ убзыхуным теухуа зэгурыІуэныгъэр.

Премьер-министр Фрадков Михаил зэрыжиІамкІэ, къэралитІым я Іэтащхьэхэм быдэу я мурадщ зэдэлэжьэныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я гъэгум ирикІуэну.

Апхуэдэу правительствэм и зэІущІэм къыщаІэтащ Иркутск областым и экономикэм пыщІа Іуэхугъэ. ЩІыпІэ кьулей дыдэм сыт зыщІимыужьыр? А ущІэм и жуэпхэр кьалъыхьуащ министрхэм.

Лъэныкъуэ куэдкІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Къэзахъстаным кІуащ.

Абыр я республикэм и унафэщІ Назарбаев Нурсултанрэ гуапэу зэІущІащ икІи куэдым тепсэлъыхьащ. Лыщхьэхэм жаІащ нэхъапэми хуэдэу дыльныкъуэхэр хършым, транспортым, атом энергетикэм кууэ щыхэдгъэзэным гулытІэшхуэ зэрыхуащІыну.

Германием зыкъыщаІэт

Къэрал нэхъ зызыужьауэ 8-м я Іэтащхьэхэм мы гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм Германием зэІущІэ щрагъэжьэкІынущ. Арщхьэкіэ я къэралхэм я мыдакъуэу а зэІущІэм зыхуагъэхьэзыру щІадзащ глобализмэр зымыдэхми.

Абыхэм вэсэмахуэрэ дыгуаесэрэ я жэщым къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрызекъуэу ихъри къащагъэхъуащ. Полицэм псыутххэр кьигъэсэбэпын хуей хъуащ. АрщхьэкІэ зыкъэзыІэтахэри икІуэтакъым. ЦІыху зыбжанэм фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр яГуэтащ.

(ИТАР-ТАСС).



◆Ильэси 140-рэ и пэкІэ (1867) Лондон Іэ щытрадзащ Люксембургыр «игъащІэкІэ зыми гуэмыт» къэралу щытынырзыубзыхуа зэгурыІуэныгъэм.

◆ 1920 гъэм кьыдэкІащ "Гудок" газетым и яп номерыр.

◆ Накьыгъэм и 11 - 13-хэм Варшавэ щекІуэкІынущ Унагъуэхэм я IV дунейпсо конгрессыр.

◆ Накьыгъэм и 11 - 13-хэм Одессэ щекІуэкІынущ "Толькъун удыфэ" XII дунейпсо тхылъ жармыкІэр.

◆ Накьыгъэм и 11 - 20-хэм Никосие щекІуэкІынущ 32-нэ дунейпсо промышленнэ выставкэ.

◆ Накьыгъэм и 11 - 13-хэм Базель (Щвейцарие) щекІуэкІынущ дунейпсо тхылъ выставкэ.

◆ Ильэси 150-рэ и пэкІэ кьалъхуащ император Александр ЕтІуанэм и къуэ щыщхьэр, Москва и генерал-губернатору щыта Романов Сергей (1857 - 1905). 1905 гъэм терроРист Каляев Иван нухІащ.

◆ Ильэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ совет дзэешІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейр э Лыхьэжь Москаленко Константин (1902 - 1985).

◆ Ильэси 150-рэ и пэкІэ лІащ Франдзым и щІэпхьаджащІэ нэхъ щІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ, нужьыкІэ зихуэзэ дыдэу хабзэхэлъэ щІэрыІуэ хъуа, Франджым шынагъэшащагъэмкІэ и «Сюрте» ЭнатІэр зыкъэзыгъэпща Видок Эжен Франсуа (1775 - 1857). Абы и кьеуІэкІыкІар яфІэтельыдэт тхакІуэшхуэу Гюго Виктор, Бальзак де Оноре, Сю Эжен, Дюма Александр (адэм), По Эдгарсымэ.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 43-м, кьуэхьжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 23-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 38-рэ.**

Плащинэр къыдэхьэлъэрар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

(Къэрал Гущыдзыгъэр)

Жьы гІыкІуэ ягъэкІэ щхьэ гІыкІуэ

Налшык дэт Лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ къыщыІэзІуахащ тхылъ зэлъэгъуэныгъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгуагъэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум теухуауэ.

ВЫСТАВКЭМщыщ зыпхьэбгъуэм тетхащ «АдыгІэхэр урысеидзэм зэрыхэтамрэ къэралыр гъэбыдзэным теухуауэ ящІам» жиІэу. Абы щыболъагъу Кавказым и генералиссимусхэу Черкасский Михаил, имам Щамил, Шевкет-пашэ Мыьмуд сымэ я сурэтхэмрэ я гъащІэм и дежьхьэхэмкІэ гъащІэгъэнэщ Жанхъуэт Кушыку, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн, Хьанджэрий, Къаз-Джэрий, КІыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсын сымэ я сурэтхэмрэ я гъащІэм и дежьхьэхэмкІэ гъэщІэгъуэщІ я тхылъхэр къыщыбгъэтынущ мы гъэлъэгъуэныгъэм.

САБЫР Болэт.

Гуфlэгъуэ зэхыхьэхэр

Евтушенкэ Николайрэ Къанокъуэ Арсенрэ.

(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Налшыкдэсхэм къагъэлъэгъуа лIыхъужыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ къалэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэр. ТекIуэныгъэр илъэс 60 зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу Владикавказ лъэныкъуэкIэ Налшык дыхьэпIэм ТекIуэныгъэм и фэеплъ щагъэувыну унафэ къащтауэ щытащ. Пэжщ, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ къагъэлъэгъуа пIалъэм ирихьэлIэу ар яхузэфIэкIакъым. Нобэ дигу къэдгъэкIыжыну сыхуейт ди республикэм и япэ президентым абы хуищIа хэлъхьэныгъэр - зи гугъу тщIы фэеплъыр ухуэныр зи жэрдэмыр, республикэм и щыхьэрым ТекIуэныгъэм и стелэ щагъэувыныр къыхэзылъхьар КIуэкIуэ Валерийт. ИкIи нобэ дригушхуэу къызэIудох Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къэзыщIыжа ди лъахэгъухэм хуагъэпса фэеплъыр. Дэ ахэр зэи тщыгъупщэнукъым, - жиIащ Президентым.

Апхуэдэу гуфIэгъуэ пэкIум кърихьэлIахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ зауэм и ветеранхэу Полищук Иванрэ Абдуллаев Мустэфарэ. АдэкIэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Хэку зауэшхуэм и ветеран Полищук Иванрэ ТекIуэныгъэм и стелэр къызэIуахащ. Республикэм и Президентыр я пашэу КъБР-м и Парламентым и спикер Бечелов Ильяс, Правительствэм и УнафэщI Ярин Андрей, къулыкъущIэ хэм, къалэ, район администрацэхэм я лIыкIуэхэм, ветеранхэмрэ къалэдэсхэмрэ фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ЗэгурыIуэныгъэм и утым

Махуэшхуэр гъэлъэпIэным адэкIэ щыпащащ ЗэгурыIуэныгъэм и утым. Махуэшхуэ концертым еплъыну къеблэгъа ветеранхэм хъуэжъу гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Иужьым ар яхыхьащ къеблэгъа ветеранхэм. Абыхэм хуиту, тыншу я нэгу зрагъэужьын папщIэ тIысыпIэхэр къыхузэрагъэпэщат.

Пщэдджыжьым уэшх ткIуэпсхэр къызэпхидзу щытами, махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм я гукъыдэжыр ядиIыгъми ярейуэ, уафэм бзыгъэу зызыкIэщIихужащ икIи махуэшхуэ концертыр и кIэм нэблагъэху къемышхыу зызэтриIыгъащ.

Ветеранхэм, къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм, къэфакIуэ гупхэм. УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Тут Заур** ветеранхэр уэрэдищ иригъэдэIуащ, «ТекIуэныгъэм и махуэ» уэрэдыр жиIащ Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Хъупсырджэн Албэч**

Ветеранхэм я концерт

ЗэгурыIуэныгъэм и утым щекIуэкIа концертыр зэрихьыу уэшхышхуэ къешхащ. Псори зэщIитхьэщIэри уэлбанэр теужащ, дыгъэри къыкъуэкIыжащ, Къэбэрдейр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я хорым щита концертым зыдищIу.

«Ветеранхэр псэкIэ жыы хъуркъым» зыфIаща концертым хэта нэхъыжьыфIхэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ.

«ТекIуэныгъэ Иным и щIэблэ»

Апхуэдэ фIэщыгъэцIэ зиIэ республикэ зэпеуэм щытекIуахэм я концерт щекIуэкIащ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм деж. Пшапэр зэхэуэху абдежым я нэгу зыщиужьащ къалэдэсхэм.

Махуэшхуэ хьэрэкIытIэхэр

Сыхьэт 22-м ЗэгурыIуэныгъэм и утым щызэщIэпщIыпщIащ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и щIыхькIэ яутIыпща хьэрэкIытIэхэр. Уафэгур щхъуэкIэплъыкIэу зыщIэзыгъэбла а Iуэхугъуэ дахэм кIэлъыплъащ къалэдэсхэр.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр къызэрахьрэ илъэс 62-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ зэхыхьэхэр, пшыхьхэр щекIуэкIащ республикэм и къалэ, район псоми.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **МАМИЙ Русланрэ КЪАРЕЙ Элинэрэ** *трахащ.*



Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм и коллегием зи чэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы щыхэплъащ мы гъэм и япэ мазищым къриубыдэу ялэжьа Iуэхугъуэхэм къарикIуам икIи 2007 гъэм и мылъкыхь-мэкъуауэгъуэ мазэхэм зэфIагъэкIын хуейуэ къапэщылъхэр яубзыхуащ.

IУЭХУХЭМ теухуауэ къыщыпсалъэм, ТЭК-мрэ ЖКХ-мкIэ министр Уянаев Казым къыхигъэщащ 2007 гъэм и япэ мазищым къапэщылъа къалэнхэм министерствэм и унафэщIэт IуэхущIапIэхэр зэрыпэлъэщар. 2006 - 2007 бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэр икIащ, лэжьыгъэр къызэтезыкъутэн лъэпощхьэпо къыхэмыкIыу. Ар и фIыщIэщ предприятэхэр зэгурыIуэу зэрызэдэлэжьам.

- Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт Налшык хуабэкIэ, уэздыгъэкIэ, псыкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр. ЩIымахуэр икIыху абыхэм я лэжьакIуэхэр жэщи махуи лэжьащи, фIыщIэ яхуэфащэщ, - жиIащ министрым.

Мы гъэм и мазищ блэкIам республикэм электрокъарууэ киловатт-сыхьэту мелуан 399,7-рэ игъэсащ. Абы щыщу федеральнэ IуэхущIапIэхэм я деж къыщищэхуар киловатт-сыхьэту мелуан 360,5-рэ мэхъу. Ар 2006 гъэм и апхуэдэ зэманым къриубыдэу къищэхуам ебгъапщэмэ, процент 95,1-рэ хъууэ аращ. Республикэм и электростанцхэм къалэжьащ киловатт-сыхьэту мелуан 39,2-рэ.

ЦIыхухэм, IуэхущIапIэхэм хуаутIыпщащ киловатт-сыхьэту мелуан 285,3-рэ. Республикэм электрокъарууэ сом мелуан 442,5-рэ и уасэ къигъэсэбэпамэ, абы щыщу электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм къаIэрыхьэжар сом мелуан 418-рэщ. ИтIани, ар 2006 гъэм и апхуэдэ зэманым щыIа щытыкIэм нэхърэ нэхъыфIщ.

Мы гъэм и япэ мазищым къриубыдэу «Къэббалъкъэрегионгаз» IуэхущIапIэм республикэм къыхуиутIыпщащ газ кубометр мелуан 519,7-рэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым щыIам нэхърэ процент 1,1-кIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу унагъуэхэм иращащ кубометр мелуан 327,5-рэ. Ари нэгъабэрей бжыгъэм процентi 5,3-кIэ щIегъу. Псори зэхэту мы гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэсэбэпащ газу сом мелуан 922,9-рэ и уасэ. Абы щыщу къахухэхыжар, федеральнэ IуэхущIапIэхэм Iэрагъэхьэжар сом мелуан 354,5-рэщ.

Мы гъэм и япэ мазищым къриубыдэу хуабэ-энергетикэ комплексым илэжьащ сом мелуан 233,5-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ. Ауэ абы и IуэхущIапIэхэм къаIэрыхьэжар сом мелуан 22,5-рэ хъууэ аращ. А щытыкIэри нэгъабэ елъытауэ зэрефIэкIуа щыIэкъым.

Зэрытлъагъущи, ялэжьам къыпэкIуэ ахъшэр къыхэхыжыныр ТЭК-мрэ ЖКХ-мрэ я IуэхущIапIэхэм дежкIэ Iуэху гугъущ. Уеблэмэ, мы гъэм и япэ мазищым ягъэса газым и уасэу зы соми къыхэзымыхыжыфа куейхэр щыIэщ. Апхуэдэхэщ Тэрч, Аруан, Шэрэдж районхэм я хуабэ-энергие предприятэхэр, «Бахъсэнрайтеплосервисыр», Дзэлыкъуэ и «Хуабэ газсетыр», нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэу къахухэмыхыж щIыхуэу нобэкIэ хэлъщ сом мелардi 2-рэ мелуан 331,8-рэ. Абы щыщу унагъуэхэм ятелъ щIыхуэр сом мелуан 761,5-рэ мэхъу, бюджет IуэхущIапIэхэм сом мелуан 610,2-рэ ятелъщ. Мы гъэм и япэ мазищым апхуэдэ щIыхуэхэм хэхъуащ сом мелуани 162.3-кIэ. Дауи, апхуэдэ щытыкIэм химыгъэхъуэнкIэ Iэмал иIэжкъым езы ЖКХ-м и предприятэхэм ятелъ щIыхуэхэми. Абы хэхъуащ сом мелуан 224,9-кIэ икIи сом мелардi 2-рэ мелуан 550-рэ ирикъуащ. ЩIыхуэ Iуэхухэм узыщыгъуфIыкI хъуну хэлъыр зыщ: а предприятэхэм улахуэмкIэ ятелъ щIыхуэм нэгъабэ лъандэрэ сом мелуан 15,5-кIэ хэщIыри, сом мелуаний къатенэжауэ аращ. А щIыхуэр нэхъыбэу зытелъыр «Бахъсэнрайтеплоэнергомрэ» (сом мелуани 2,3-рэ) Iуащхьэмахуэ куейм и IуэхущIапIэхэмрэщ (сом мелуани 4,6-рэ).

IэнатIэм и лэжьакIуэхэм мы гъэм и япэ мазищым ику иту мазэ улахуэр сом 3920-рэ хъууэ щытащ. Дауи, ар процент 40-кIэ нэхъ мащIэщ республикэм курыту къыщащта улахуэм нэхърэ. Абы щIыхамыгъэхъуэфым и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ IуэхущIапIэхэм ятелъ щIыхуэр.

Мы гъэм республикэм хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ и IэнатIэр тэмэму зэтеухуэн папщIэ, икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын хуейщ сом мелуан 95-рэ и уасэ лэжьыгъэхэр. А ахъшэр текIуэдэнущ котельнэу 19 зэхъуэкIыным, хуабэ зэрыкIуэ бжьамий зэхэфыхьауэ километр 11,4-рэ къэгъэщIэрэщIэжыным, Налшык и «Юго-Западнэ» котельнэм щIэкIэ хьэкуитI щызэхъуэкIыным, Тырныауз блок-модуль котельнэм хуэдэу щы щыгъэувыным. КъищынэмыщIауэ, республикэм и къуажэхэм щащIын хуейщ котельнэ цIыкIуу 73-рэ. Абы текIуэдэнущ сом мелуан 66,1-рэ. Псымрэ хуабэмрэ зэрыкIуэ бжьамий Налшык щызэхъуэкIынми текIуэдэнущ сом мелуан 27-рэ. Апхуэдиз ахъшэр къыздрахынум йогупсыс, - ахэр мэкъуауэгъуэм щыщIэдзауэ республикэм и бюджетым къиутIыпщыну трагъэкIыжыкъым.

Къэдгъэлъэгъуа бжыгъэхэм наIуэ къащI Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТЭК-мрэ ЖКХ-мрэ щытыкIэ гугъум зэритыр. ИкIи абы я Iуэхур къэблагъэ илъэсхэм емыфIэкIуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Парламентым и депутатхэу Кебеков Владимиррэ Атэлыкъ Анатолэрэ зэIущIэм щыжаIам тепщIыхьмэ. Кебеков Владимир тепсэлъыхьащ газым, бензиным, щIыдагъэм я уасэхэр лъабжьэншэу зэрыдрагъэуейм, абы я процент 20-р лейуэ, зыми темыщIыхьа хэхъуэ къабзэу зэрыщIагъум.

- Гази щIыдагъи зимыIэ США-м щызекIуэ уасэхэм ди деж щыIэ уасэхэр щхьэдэхащ. Ягу къыщихьэм деж щIыдагъэ уасэр зэрыхагъахъуэр зэтедмыгъэувыIэнкIэ Iэмал иIэжкъым, - жиIащ Кебековым.

Газым и уасэр 2008 гъэм процент 22,5-кIэ, 2009 гъэм - процент 27-кIэ Урысей псом щыхагъэхъуэну загъэхьэзыр. Атэлыкъ Анатолэ жиIащ а хъыбарыр Урысей Федерацэм и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм къызэрикIар икIи, Iэмал зэриIэкIэ ар зи мурадхэм зэран яхуэхъун унафэ гуэр къэщтэн зэрыхуейр.

- Газыр къытIэрыхьэным и IуэхукIэ ди республикэр 11-нэ зонэм, нэхъ лъапIэ дыдэм, хеубыдэ, ар къыщыщIаш щIыпIэхэм дыпэжыжьэщи. Абы къыхэкIыуи гугъу дехьынущ. УнафэщIхэм къыдэIэпыкъуну уелъэIу хъунущ, ауэ дэ нобэ ди къалэнщ газу дгъэсыр нэхъ мащIэ тщIыну, ар зэдгъэзэхуэну. IэщIагъэлI нэхъыфIхэр зыхыхьэ гуп зэгъэпэщауэ, хуабэ энергетикэм и IуэхущIапIэ 11-ми я лэжьэкIэр зыхуэдэр къэпщытэн хуейщ. Сыт ди котельнэхэр тэмэму щIэмылажьэр? Сыт абыхэм газ куэдыщэ щIагъэсыр? А упщIэ нэхъ къызэрыгуэкI дыдэми и жэуап тэмэм диIэкъым. Дэ нэгъуэщI зыри къытхуэнэкъым, газ уасэм зэрыхэхъуэм нэхъыфIу зыхуэдгъэхьэзырыным фIэкIа, - жиIащ Кэбэрдей-Балъкъэр Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат.

Абы къыхилъхьащ уасэхэр хэхъуэмэ, абы и пщIэр тыным пэмылъэщыну цIыхухэм къэралыр дэIэпыкъун папщIэ къэгъуэтыпхъэ ахъшэр зыхуэдизыр нобэ щыщIэдзауэ къэбжын хуейуэ. Тхьэзэплъыжым гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщIыпхъэ Iуэхугъуэхэр къигъэлъэгъуа нэужь, зэIущIэм къыщащтащ дызыхуэкIуэ бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным пыщIа Iуэхухэр зыубзыху унафэ пыухыкIахэр.

ГЪУЩIОЗариф.

Нобэ ахуэмыт уасэхэм хэхъуэмэ...

● ЗэIущIэхэр

ХЬЭЖМЭТ Аминэ Хьэжмусэ и пхъур

И ныбжьыр илъэс 79-м иту 2007 гъэм накъыгъэм и 8-м дунейм ехыжащ парт, совет лэжьакIуэу щыта, жылагъуэ лэжьакIуэ, Ленин орденыр, «ЩIыхь Дамыгъэ» орденыр зрата Хьэжмэт Аминэ Хьэжмусэ и пхъур.

Хьэжмэт А. Хь. Бахъсэн районым щыщ Старэ Крепость къуажэм 1928 гъэм накъыгъэм и 25-м къыщалъхуащ. Абы 1943 гъэм лэжьэн щIидзащ къуажэ школым и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу. Налшык педучилищэр къиуха нэужь, 1948 гъэм щыщIэдзауэ 1951 гъэм нэсыху комсомол лэжьыгъэм хэтащ, комсомолым и райкомым и къудамэм и унафэщIу щIидзэри, ВЛКСМ-м и обкомым и секретарым нэсащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм абы парт, совет органхэм унафэщI къулыкъухэр щиIыгъащ, КПСС-м и Осетие Ищхъэрэ обкомым и деж илъэситIкIэ щеджэу щыIа парт школым щIэсащ.

1960 гъэм Хьэжмэт Аминэ КПСС-м и Лэскэн райкомым и япэ секретару, 1962 гъэм - Аруан колхоз-совхоз производствэ управленэм и парткомым и секретару хахащ. 1963 гъэм щыщIэдзауэ 1966 гъэм нэсыху КПСС-м и обкомым и секретару, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэу, КПСС-м и обкомымрэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советымрэ Парт-къэрал къэпщытэныгъэмкIэ я комитетым и унафэщIу лэжьащ. 1966 гъэм щыщIэдзауэ 1974 гъэм нэсыху КъБАССР-м ЦIыхубэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIу, 1974 гъэм щыщIэдзауэ 1985 гъэм нэсыху КъБАССР-м социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министру щытащ.

Совет, парт лэжьыгъэм я дэтхэнэ IэнатIэми Хьэжмэт Аминэ зыкъыщигъэлъэгъуащ къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, жэрдэмрэ жыджэрагъэрэ зыхэлъ, лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ и щхьэми и унафэм щIэтхэми яхуэткIий цIыхуу. Лэжьыгъэм зэрегугъум, сыт хуэдэ IэнатIэми жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэм къыхэкIыу абы парт-хозяйствэ IэнатIэм пэрытхэм, езым и лэжьэгъухэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ пщIэшхуэ къыхуащIу щытащ. Ар республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэм жыджэру хэтащ, КПСС-м и Кэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хэтащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, партым и XXII съездым и делегату хахащ.

Хьэжмэт Аминэ Хьэжмусэ и пхъум фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым папщIэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къратащ: Ленин, «ЩIыхь Дамыгъэ» орденхэр, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэшхуэм и лъэхъэнэм хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ», «Хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ. В. И. Ленинныр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ» медалхэр.

Хьэжмэт Аминэ дэлэжьа псоми я гум къинащ абы бгъэдэлъа зэфIэкIыр, и псэ хуабагъэр. Ар цIыхум и гуауэмрэ гугъуехьхэмрэ гулъытэкIэ бгъэдыхьэрт, лъэIукIэ зыкъыхуэзыгъэзэ дэтхэнэми зэрыдэIэпыкъуным хущIэкъурт.

ЦIыху гъуэзэджэ, ди лъэпкъхэм къахэкIа цIыхубз хьэлэмэт Хьэжмэт Аминэ Хьэжмусэ и пхъум и фэеплъ нэхур дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

Къанокъуэ А. Б., Бечелов И. Б., Ярин А. В., Къэжэр А. Хь., Берд Хь. А., Бозий Н. М., Дэхъушокъуэ М. И., ДыщэкI М. Р., Евтушенкэ Н. Н., Залиханов М. Ч., Кебеков В. С., Чым Е. М., КъуэщIысокъуэ Ю. Къ., Нэхущ З. А., Сэхъу В. Къ., Тау П. Къ., Тхьэзэплъыж М. ТI., Тюбеев А. И., Федченкэ Л. М., Хэмгъуокъу Л. Б., Черкесов Г. М., Чеченов А. А., Чеченов Хъу. Дж., Щауэжь Хь. В.

● Футбол

«Москвамрэ» «Локомотивымрэ» финалым щызэIуощIэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр 2007 гъэм къэхьыным т еухуауэ екIуэкI зэпеуэр и кIэм нэблэгъащ. Къэнэжар кIэух зэIущIэрщ. Къэралым и стадион нэхъ ин дыдэ «Лужникым» накъыгъэм и 27-м щыджэгуну хуитыныгъэ къахьащ «Москвамрэ» «Локомотивымрэ».

ГЪУБЖЫМРЭ бэрэжьеймрэ Мэзкуу щызэхэта финал ныкъуэм и етIуанэ зэIущIэхэм щызэхуззат «Москва» - «Динамо» (Брянск), «Спар так» - «Локомотив» командэхэр.

Ешыгу Сэфарбий зи тренер нэхъыщхьэ брянскдэсхэр къалащхьэм къэкIуат, иджыри къэс ямылъэгъуа лъагапIэр зыIэрагъэхьауэ. Тхьэмахуэ и пэкIэ я стадионым щрагъэкIуэкIа зэIущIэри мыIейуэ къайхъулIат (1:1) икIи финалым кIуэн папщIэ зы лъэбакъуэ ячыжын хуейуэ арат.

Хэгъэрейхэри щIэхъуэпсырт зэи щымыджэгуа финалым кIуэну. Абы къыхэкIыу «Москвам» къыхимыгъащIэмэ зэфIэкIат.

КомандитIри хуабжьу сакъыу джэгуащ, арщхьэкIэ мэзкуудэсхэм я кIэн нэ хъ къикIащ. 60-нэ дакъикъэм абыхэм пенальтикIэ дагъэкIа топ закъуэм и фIыгъэкIэ ахэр финалым щыджэгунущ.

«Спартакымрэ» «Локомотивымрэ» я зэпэщIэтыныгъэр тхьэмахуэ и пэкIэ иухауэ жыпIэ хъунущ: абы щыгъуэм Бышовец Анатолий и гъэсэнхэр 3:0-у зэрытекIуам псори гурыIуэгъуэ ищIырт. ЕтIуанэми ар нэхъ лъэщащ - 2:1-уэ.

Финалым зэрыкIуам игъэгушхуауэ «Москвар» Налшык къокIуэ икIи ди щIалэхэм щэбэтым ар хагъэщIэныр гугъу зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Адыгэ узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ и фэеплъ Налшык къалэ щыгъэувынымкIэ зэпеуэ зэIухар зэрекIуэкIыну щIыкIэр

1. Зыуэ щыт мардэхэр

Мы мардэхэр гъэпсащ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Урысейм и Госстроймрэ 1994 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м Iэ зытрадза Положенэу, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ гъэдэхэнымкIэ, зэIузэпэщ щIынымкIэ, фэеплъ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ скульптурэ хэмрэ гъэувынымкIэ проект нэхъыфIхэмрэ планировкэхэмрэ зэпегъэуэныр зыхиубыдэмкIэ. Архитектурэмрэ монумент гъуазджэмрэ я Iэмалхэр къагъэсэбэпу адыгэ узэщIакIуэ, лъэпкъылI щэджащэ Нэгумэ Шорэ и фэеплъыр Налшык къалэ дэгъэувэнымкIэ къагъэлъагъуэ проектхэм абы ипкъ иткIэ хэплъэныр къызэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIри КъБР-м и Правительствэрщ. Зэпеуэ зэIухар зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну и къалэнщ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм (адэкIэ - Къызэгъэпэщакlуэм). Фэеплъыр щагъэувыну я мурадщ Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрамым къыщыщIидзэм тет аллеем, Республикэ клиникэ сымаджэщым ухуэзышэм, хиубыдэ щIыIэнэщIым деж.

2. Архитектурэ-планировкэ жыпхъэхэр

Скульптурэ композицэр езэгъын хуейщ фэеплъ гъэувынымкIэ монумент гъуазджэм къигъэув жыпхъэхэм, ихъуреягъкIэ къыщыт ухуэныгъэхэм. Абы художественнэ бзэкIэ къиIуэтэн хуейщ фэеплъыр зыхуагъэув лъэпкъ узэщIакIуэм и образ лъагэр. Фэеплъыр иджырей пкъыгъуэхэм къыхэщIыкIауэ, и зэхэлъыкIэкIэ архитектурэ-скульптурэ комплекс зэкIужу, къалащхьэр зыгъэдахэ художественнэ-эстетикэ нагъыщэу щытыпхъэщ.

3. ЗэрекIуэкIыну щIыкIэр

Зы Iыхьэу екIуэкIыну зэпеуэ зэIухам хэтыну къраагъэблагъэ УФ-м и сурэтыщIхэр, скульпторхэр, архитекторхэр, абы зэхуэдэу зыкъыщагъэлъагъуэ хъунущ щхьэзакъуэ IэщIагъэлIхэми творческэ гупхэми. Япэ увыпIэ къэзыхьыр хуит ящIынущ фэеплъыр гъэувыным пыщIа документацэ псори къызэригъэпэщыну.

Зэпеуэм хэтынухэм къагъэлъэгъуэн хуейщ къыкIэлъыкIуэ материалхэр:

*фэеплъыр здэщытыну щIыIэнэщIым и къызэгъэпэщыкIэм и планировкэ (М 1:50);

*фэеплъым и аксонометриер, перспективэр къыщылъыта документ;

*IуплъапIэр (М 1:25);

*лэжьыгъэр гурыIуэгъуэ зыщI тхыгъэ кIэщI;

*фэеплъым и макет (зыкъэзыгъэлъагъуэм зэрыфIэфIкIэ) (М 1:20).

Зэпеуэм хуагъэхьэзырар къызэратыну щIыкIэм егъэзыгъэ хэлъкъым, ауэ компьютер Iэмалхэр къагъэсэбэпмэ нэхъ къащтэнущ. Ягъэхьэзырар утыку къызэрырахьэну планшетхэм я инагъымрэ бжыгъэмкIэ мардэ пыухыкIа щыIэкъым.

Зэпеуэ зэIухар къызэзыгъэпэщхэм къабгъэдэкIыу зыкъэзыгъэлъагъуэхэм иратынущ топографие планрэ (М 1:500) щIыIэнэщIым траха сурэтрэ.

4. ЩытекIуахэр зэрагъэлъэпIэнур

Нэгумэ Шорэ хуагъэувыну фэеплъым и проект нэхъыфI дыдэ къигъэлъагъуэу зэпеуэ зэIухам щытекIуэхэм иратыну ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ мылъкум къыхэкIынущ, текIуахэр наIуэ къыщыхъуам щегъэжьауэ мазэ пIалъэм къриубыдэу иратыжынущ.

Зэпеуэ зэIухам щытекIуахэм иратынущ:

*Япэ увыпIэр къэзыхьам - сом мин 25-рэ;

*ЕтIуанэм - сом мин 15;

*Ещанэм - сом мини 10.

5. Проектхэм зэрелэжьыпхъэ пIалъэхэмрэ ахэр утыку къызэрырахьэну щIыкIэхэмрэ

Положенэу къащтам ипкъ иткIэ, проектхэр Къызэгъэпэщакlуэм и пащхьэ иралъхьэн хуейщ 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м сыхьэтыр 17 пщIондэ мы пхуэдэ хэщIапIэмкIэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27, КъБР-м и Правительствэ, Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ министерствэ.

Проектхэр зыдэлъ письмоулъэхэм, ягъэлъэгъуэну материалхэм, лэжьыгъэр гурыIуэгъуэ зыщI тхыгъэ кIэщIхэм я ищхьэ къуапэ ижьым дамыгъихыу зэхэт бжыгъэхэр (девиз) тетын хуейщ. Девизнэ письмоулъэм дэлъын хуейщ проектыр зи IэдакъэщIэкIым (авторым е творческэ гупым) теухуахэр: и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, и хэщIапIэр, и ныбжьыр, бын иIэмэ, абыхэм ятеухуар, налог тынымкIэ иIэ льготэхэр, ар здит IуэхущIапIэм и хэщIапIэр (саугъэтыр къыщраткIэ, хъыбар зыIэрагъэхьэнур ящIэн папщIэ). Проектыр къэзыгъэлъагъуэр сурэтыщI гупмэ, абыхэм я письмоулъэм дэлъын хуейщ езыхэм Iэ зыщIадза тхылъымпIэ напэ щхьэхуэ, ахъшэ саугъэтым щыщу щхьэж къылъысыну процент бжыгъэр щыгъэнэхуауэ. Зыхуеипхъэу къалъыта тхылъымпIэ псори зыдэлъ апхуэдэ письмоулъэхэр зэтегъэпщIауэ щытыпхъэщ.

6. КърикIуахэм зэрыхэплъэр

Зэпеуэм къагъэхьахэр щагъэлъагъуэ выставкэ къызэрагъэпэщынущ. Ар зэIухащ, мы Iуэхум игъэпIейтей дэтхэнэри екIуалIэ, я Iуэху еплъыкIэхэр къыщаIуатэ хъунущ.

Проектх эм хэплъэну, я фIагъыр къилъытэну цIыху пщыкIуз нэхъыбэ зыхэмыт къэпщытакIуэ гуп зэхишэнущ КъБР-м и Правительствэм. Абыхэм я къалэнщ унафэ пыухыкIа къамыщтэ и пэкIэ, жылагъуэм и еплъыкIэхэри Iуэхум къыхалъытэну. Апх уэдэу къэпщытакIуэхэм я дежкIэ наIуэу щытынукъым лэжьыгъэр зейм и цIэ-унэцIэр. Проекгхэм гупсэхуу хэплъэн папщIэ, къэпщытакIуэхэр зыхуеину пIалъэр езыхэм яубзыху, лэжьыгъэ къэс Iэ яIэтурэ, нэхъыбэ къэзыхьыр зэхагъэкI. Къэзыщтэмрэ къэзымыщтэмрэ яIэта Iэхэр зэпэшачэ щыхъукIэ, къэпщытакIуэ гупым и унафэщIыр зи телъхьэр текIуауэ къалъытэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ гупым къищта унафэр пыухыкIащ, абы нэгъуэщI зыгуэр халъхьэжыну хуиткъым.

КъэпщытакIуэхэр хэплъэнукъым, ауэ абыхэм я деж къэнэнущ пIалъэ къагъэлъэгъуам къыкIэрыху ауэ къат а проектхэм; щыхэплъэм деж лэжьыгъэр зейм и цIэ-унэцIэр къэпщытакIуэхэм наIуэ къащIамэ, апхуэдэ хуитыныгъэ зэрамыIэм ебакъуэу; Положенэм къигъэув хабзэхэм къемызэгъ лэжьыгъэхэм. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэр хуиткъым езыхэм я лэжьыгъэ зэпеуэм къыщагъэлъэгъуэну, зыкъэзыгъэлъагъуэхэм чэнджэщ гуэр иратыну.

Зэпеуэм кърикIуахэр къэпщытакIуэхэм наIуэ къащIу къащта унафэм абыхэм псоми Iэ щIамыдзауэ девизнэ письмоулъэхэр зэтрах хъунукъым. Абы и копиемрэ зэпеуэр къыщапщытэж кIэух зэIущIэм и протоколымрэ Iэ щIэдзауэ Къызэгъэпэщакlуэм Iэрагъэхьэж тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ.

Проект нэхъыфI къыхэхынымкIэ зэпеуэ зэIухахэр зэрекIуэкIам, абы и къэпщытакIуэ гупыр зэрылэжьам, текIуахэм ятеухуа тхыгъэхэр мазэм къриубыдэу тетын хуейщ зэпеуэмкIэ хъыбарегъащIэхэр къызытрадза газет дыдэхэм.

Саугъэт къэзыхьа проектхэр зэпеуэ нэужьым Къызэгъэпэщакlуэм ейуэ къалъытэнущ, адрей проектхэр зейхэм иратыжынущ кърикIуахэр наIуэ къыщыхъуа махуэм щегъэжьауэ.

Зэпеуэ зэIухам къыщагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэр яубзыхуа хабзэхэм зыми емызэгъыу къыщIэкIмэ, саугъэт зыхуэфащэ къыхэмыкIауэ къэпщытакIуэхэм ягъэувмэ, зэпеуэр емыкIуэкIауэ къалъытэнущ.

Iуэхур къызэрызэрагъэпэщамкIэ, ар зэрырагъэкIуэкIамкIэ, кърикIуахэмкIэ мыарэзы щыIэ хъумэ, абы хэплъэнущ УФ-м и законодательствэм къигъэув хабзэхэм япкъ иткIэ, Налшык къалэ округым и администрацэм Архитектурэмрэ къалэ ухуэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэр, УФ-м и Архитекторхэм я союзым и къудамэу КъБР-м щыIэр, КъБР-м и СурэтыщIхэм я союзыр хэту.

Дадэ Iумахуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Ар дунейм къыщытехьа гъэм къэунэхуауэ щыта къэралри щыIэжкъым. Ауэ Бейтыгъуэн Назир и бынхэр, абы я быныжхэр щогуфIыкI дадэ узыншагъэфI зэриIэм, Iуэхур лэжьыгъэм нэсамэ, ноби ныбжьыщIэхэр зылъэщIимыгъэхьэну зэрыхэтым. Назир нэхърэ нэхъыжьу Каменномост щыпсэур зылI закъуэщ. КъигъэщIа и илъэс бжыгъэхэм ар щIалэгъуалэм я дежкIэ щапхъэ зэращIыр къыгурыIуэ пэтми, гурэ псэкIэ ар иджыри щIалэщи, ныбжьыщIэхэм ядэуэршэрын фIэфIщ. Апхуэдэщ СССР къэралыгъуэм къыдэгъуэгурыкIуа, абы и гъащIэм нэхърэ зи махуэр нэхъ кIыхь икIи нэхъ нэху хъуа, зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъу дадэр.

Зэкъуэшхэу Бейтыгъуэнхэ Назир *(ижьымкIэ)*, Лэкъумэн, Шухьиб, Мусабий сымэ зэгъусэу. *1987 гъэ*

БЕЙТЫГЪУЭН Назир зэрищIэжрэ лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытщ. Хэку зауэшхуэм и пэкIэ ар Каменномост щызэхэт колхозым и шы фермэм щылэжьащ. Ворошиловград щыIэ дзэ частхэм шы хуашауэ, абы шы щигъасэу щыIэу, и лъакъуэр къутауэ зэрыщытам нобэр къыздэсми мащIэу ещIэкъуауэу къызэригъэнам и закъуэкъым, атIэ а фэбжьым Назир и гъащIэм лъэужь псо къытринащ: абы и зэранкIэ ар фронтым ягъэкIуакъым.

А зэманым зауэ IэнатIэм уIумыту упсэунри куэдкIэ нэ хъ тынштэкъым. Бийр къуажэм къыдыхьэн япэ фермэм жэмышу щылажьэ щIалэр окоп дэзытIыкI взводым и унафэщIу ди сэлэтхэм яхуэлэжьащ. ЗэрыпхъуакIуэхэр лъахэм ирахужа нэужь, Iэщэ зыIыгъыфыну псори (илъэс 16 фIэкIа мыхъу щIалэ цIыкIухэри яхэту) НКВД-м къызэщIикъуэри, хъунщIакIуэу бгым ихьэжахэм япэщIигъэуващ. А къалэныр зыгъэзэщIэну ираджахэм яхэтащ Бейтыгъуэн Назири.

- ХъунщIакIуэу бгыщхьэм ихьэжахэр куэд зэрыгъэхъуат а зэманым. ЖэщкIэ къуажэм къыдыхьэурэ унагъуэхэр яхъунщIэрт. Дэ, IэщэкIэ зэщIэузэда цIыху 15 дызэгъусэу, жэщкIэ абыхэм дапэтIысырти ахэр къуажэм къэкIуэным дыпэплъэрт. ИужькIэ, бандэу къэнар етхужьэри, Къэрэшей-Шэрджэсым и бгыщхьэхэм нэс кIуахэри къэдубыдыжауэ щытащ, - игу къэгъэкIыж Бейтыгъуэным.

Илъэс ныкъуэ дэкIа нэужь, НКВД-м къызэригъэпэща зауэлI гупыр зэбграутIыпщыкIыжащ. Назир бригадиру игъэзэжащ колхозым. Ауэ куэдрэ абы щылэжьакъым - 1944 гъэм къуажэ Советым и исполкомым и унафэщIым и къуэдзэу, 1952 гъэм Ворошиловым и цIэкIэ щыIэ колхозым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. Ар щытащ фермэ зэмылIэужьыгъуэ хэм я унафэщIуи, учетчикыуи, 1966 - 1968 гъэхэм къуажэдэсхэм я мэлхэр игъэхъуу лэжьащ.

- Хьэрэмыгъэ лъэпкъ си гум хэмылъу, си гуапэу сыт хуэдэ лэжьыгъэ IэнатIэми сыпэрытащ. СыщIалэт, си узыншагъэр пэлъэщт, схузэфIэкIт, сызыдэлажьэхэм хъарзынэу сагурыIуэрти, сэри си псэунығъэ къыхэкIт Iуэхум. ДэнэкIэ сагъакIуэми, псалъэмакъыншэу, цIыхухэм сагурыIуэу сылэжьащ, - жеIэ Назир.

Ар ноби Iуэхуншэ хъуркъым - и хадэр, пщIантIэм дэт Iэщыр зэрехьэ.

- Нобэ Iэщу куэд сиIэжкъым: жэмиплIрэ танэхэмрэ иджыблагъэ сщэжащ, жэмищ къудей къысхуэнэжауэ аращ. Iэщыр диIэмэ, кIэртIоф тIэкIури ди хадэм къыщетхьэлIэжмэ, аращ дэ, къармэхьэблэдэсхэр, дызэрыпсэур. Ар димыIэмэ, дауэ дыхъунт?... Си щхьэкIэ кIэртIоф хъарзынэ сщащ иджыблагъэ. КъищынэмыщIауэ, мэл хьэлэмэту зыбгъупщI сиIэщи, мы гъэм бэгъуащ. Ари хьэщIэ къысхуэкIуэмэ, хьэзыру сиIэщ, - жеIэ дадэм.

А псори зехьэнымкIэ къыдэIэпыкъур хэтми сыщыщIэупщIэм, ипхъухэр дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуу жеIэ, ауэ ахэр лэжьыгъэ IэнатIэ зэрыпэрытыр къэплъытэмэ, Назир и унэ-лъапсэм куэд зэрыщилэжьыр гурыIуэгъуэ мэхъу.

Мис апхуэдэщ Бейтыгъуэнхэ я нэхъыжьыр. Нобэ ар зи тхьэмадэ лъэпкъыр йохъуэхъу и Iуэхур дахэу, и дунейр хуиту, иущиин щIэблэр и куэду, фIыгъуэу къылъысымкIэ хэдэу илъэс куэдкIэ Тхьэм игъэпсэуну.

ХУРЗЭ Залым.
Дзэлыкъуэ район.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Кэбэрдей-Балъкъэр институтым и администрацэр, профсоюз комитетыр, лэжьакIуэ псори Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Кэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ центрым и тхьэмадэ **Иуан Петр Мац и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Бэджыдэ (Иуан) ХуаркIэ Мац и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ центрым и лэжьакIуэхэр Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ центрым и тхьэмадэ **Иуан Петр Мац и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Бэджыдэ (Иуан) ХуаркIэ Мац и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ центрым и тхьэмадэ **Иуан Петр Мац и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Бэджыдэ (Иуан) ХуаркIэ Мац и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.